

Fason pou pwofite tout sa kouvèti medikal ou a ofri

Paske ou
gen kouvèti
medikal
kounye a, men
sa ou kapab
fè pou mete
sante ou avan
epi viv an
sante pandan
lontan.



1 Konfime ou gen kouvèti medikal

- Verifye si enskripsyon ou finalize. Kontakte plan sante ou ak/oswa biwo Medicaid nan eta kote w ye a.
- Peye prim asirans ou si ou gen youn. Konsa w ap kapab itilize kouvèti medikal ou lè ou bezwen li.



2 Konnen kote pou ou ale pou jwenn repons

- Kontakte plan sante ou pou wè ki sèvis ki kouvri, ak konbyen depans ou yo ap ye.
- Li *Roadmap to Better Care and a Healthier You (Gid Pou Jwenn Pibon Swen Sante)* pou aprann mo asirans sante kle, tankou ko-asirans, ak dediktib.



3 Chèche yon pwofesyonèl swen sante

- Chwazi pwofesyonèl swen sante nan rezo ou ki pral travay ak ou pou fè egzamen sante yo rekòmande pou ou yo.
- Sonje ou kapab peye plis si ou ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.



4 Pran yon randevou

- Konfime pwofesyonèl swen sante ou aksepte kouvèti w la.
- Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou sèvis prevansyon.
- Poze kesyon sou enkyetid ou yo epi mande sa ou kapab fè pou rete an sante.



5 Ranpli preskripsyon ou

- Ranpli nenpòt preskripsyon ou bezwen.
- Gen kèk medikaman ki pi chè pase lòt. Mande davans konbyen preskripsyon ou yo koute ak si gen yon chwa ki pi bon mache.

**Pou plis enfòmasyon sou
From Coverage to Care
(Depi Nan Kouvèti Jiska
Swen), vizite go.cms.gov/c2c**

